Чап. 20

*Жэнэ Кърымыз*

# Зэныбджэгъухэр



Жэнэ Къырымыз





# Зэныбджэгъухэр



*Усэхэр*



Художникыр
Л. Померанцева

Мыекъуапэ
Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм
и Адыгэ отделение
1983

С(Адыг.)
Ж 32

Жанэ К. Х.
Ж 32 Друзья. Стихи. На адыг. языке. Майкоп: отд. кн. изд., 1983, с. 56, ил.

Поэтэу Жэнэ Къырымызэ пшъэшъэжъыехэмрэ шъэожъыехэмрэ апае тхылъыкIэ къыгъэхьазырыгъ. КIэлэцIыкIухэр зэкIэ хъупхъэнхэм, чанынхэм, зэфэнхэм, я Родинэ шIу алъэгъуным ар фэгъэхьыгъ.

Ж $\frac{4803010102-07}{М146(03)-83}$ 70—83

© Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм
и Адыгэ отделение, 1983



## ТЭТЭЖЪ СЕГЪАСЭ

Тэтэжъ сыгу еIоу
Бэ дэдэ къысеIо.
ЛIы дэгъу сыхъунэу,
Блэнагъи схэлъынэу,
Фэчэфэу, икIасэу
Тэтэжъы сегъасэ.
Сэщ пай ыгу илъыр
Тэтэжъ къеупсэлъы:
«Дэгъубэ пхэлъынэу,
ЦIыфыгъи уиIэнэу
Сыфаешъ зэгъашIэ,
Укъытфэхъу бэгъашIэу!»
— ЦIыфыгъэр сыд фэда? —
Тэтэжъым сеупчIы.
Джэуапыр ащ къепчъы:
— ЦIыфыгъэр, сикIалэ,
Зэтелъы къатиблэу...
Жъы хъугъэр о лъытэ,
ГукIэгъу зыхэгъэлъи, —
Джар хэткIи цIыфыгъэ.
Нэхъой о афэпшIэу,
Бзэджагъи умышIэу,
УзекIомэ дахэу,
Хъопсагъоу узафэу, —
ЦIыфыгъэ ар нафэу.
Къэбзагъэ угу илъэу,
Iэдэби о пхэлъэу,
Шъырытэу ущытмэ,
Умакъэ зыпкъ итмэ,
Лъытэ цIыфыгъэу.
ШъэогъукIэ о ушIумэ,
Къин зиIэ щыIэмэ,
УишIуагъэ о екIмэ,
ОрыкIэ щытхъугъэ,
Ар хэткIи цIыфыгъэ.
Шъыпкъагъэ о уиIэу,
НахьыкIэм удеIэу,
Хьатыри укIыти
Ягъогу о тети,
ЦIыфыгъэу сэлъытэ.
Тэтэжъы седэIу,
СедэIушъ, селъэIу:
— КъаIолъ, тэтэжъ, шъыпкъэу
ЦIыфыгъэм гъунапкъэ
ИIа е имыIа?
Тэтэжъым мыгуIэу,
Сыгу зэкIэ къинэжьэу,
Джэуапыр къетыжьы:
— Дунэе нэфынэм
Щыхъоир цIыфыгъэ,
ЦIыфыгъэр чIым тизышъ,
Плъэгъущтэп ынэзи...
О пшъхьэкIэ укъэхъумэ,
ЗыпIэтэу лIы ухъумэ,
ЦIыфыгъэр зыфэдэр
КъэпшIэщт ор дэдэ.
Ар пфэгъэцакIэмэ,
Ар пфэукIочIымэ,
УщыIэщт о цIыфэу,
Гухэр къэбгъэнэфэу.



## СЫД ФЭДА ДЭХАГЪЭР?

(Тэтэжъ ипхъорэлъф
къыфиIотагъэхэр)

ЛIыжъ тхьапэфэу ти КъокIасэ
Быным депIу пхъорэлъф кIасэ,
Зэгъусэхэу тыди макIох,
Зэгонэсхэшъ зэгурэIох.
Мафэ горэм зэдыщысхэу,
ЯпчъэIупэ дэжь Iусхэу,
Пхъорэлъф цIыкIум зыкъеIэты,
Ащ лъыпытэу упчIэ къеты:
— О тэтэжъыр, дахэ, дахэ, дахэ
Бэрэ къапIоу зэхэсэхы,
Ар зыфэдэр къысфэIуати,
Сэ сыфаеп дышъэ мати...
Тэтэжъ кIасэм ащ лъыпытэу
Ипхъорэлъфы джэуап реты:
— Мы дунаим тиз бэу дахэр,
О плъэгъущтых, кIэлэхъу, ахэр.
Ар о пшъхьэкIэ пшIэным пае
Нэф зэрэшъэу тежьэн фае...
...Нэбзый дышъэр пыутысыкIэу,
Тыгъэр гушIозэ къыкъокIы,
Пхъорэлъф цIыкIур хэушъыкIэу
Iэгум тэтэжъ къыдыдэкIы.
Чылэ гъунэм мэл Iэхъогъур
ХъурыхъукIэ къырекIокIы,
Шъынэ пчъагъэ хэджэгукIэу
Шъо тIыргъоу ащ халъагъо.
Мэл Iэхъогъум тэтэжъ хэплъэ,
Ащ къыIощтым кIалэр пэплъэ:
— Шъынэ цIыкIухэр зэрэдахэр!
Сабый цIыкIум фэдэх ахэр!
...Уахътэр пкIэнчъэу
бламыгъэкIэу
ТIуми губгъом фаузэнкIы,
Алъэгъурэр агу рихьэу
ГушIохэзэ зыщаплъыхьэ.





Зэдыпэбгъоу уцы кIырмэ
Къатырехы шхъонтIэрымэ,
МэкъупIэмэ яуц хъущэ
Гъэтхэ хьакIэу зыкъагъэщы.
ЖъонакIохэм зэкIэужэу
Къэрсэбаныр кIажъукIыжьы,
ХьэсакIэхэр нэм фэмыплъэу
Зэлъыхалъхьэ гъэбэжъу
теплъэу.
Тэтэжъ жъуагъэм гушIоу хэIэ,
Щыщ къыхехышъ, шъабэу теIэ.
Хьалыгъу пIонэу ащ епэмы,
Ыгу егъатхъэ чIыгум ымэ.
ЖъонакIохэм адэжь плъэзэ,
Ащ афеIо афэразэу:
— Гъэбэжъу гъогум лъапсэ
фашIы,
Дэхэ дэдэу яIоф ашIэ...
Мэз гъэкIыгъэр ащ къаIоплъэ,
ЗыIэпещэх изытеплъэ:
Хизэу хэтых сыды лъэпкъи,
Чъыгы псыгъуи чъыг
лъэкъыми.
Тэтэжъ чъыгмэ атеIабэшъ,
Къырегъажьэ шъэбэ-шъабэу:
— Мыр пхъэшъабэ, мыр
чъыгае.
Мыр къужъае, мыдрэр—дае,
Пшъашъэм фэдэм ыцIэр —
пхъэфы,
Мы чъыг цIыкIур заешъ, нафэ,
Чъыг пэпчъы игъус дахэр.
Угу иубыт о, кIэлэхъу, ахэр.
Къутамэхэр зэлъагъэщэу,
Яорэди кIырагъэщэу
Атес чъыгмэ бзыу хъущэ,
УядэIу къэсми узIэпащэу.
Огу къаргъом шъхьэнтэ Iатэу
Пщэ фыжь псыпсхэр
мыгумэкIэу
Хъагъэм фэдэу зэтепшIыкIэу
ЗагъэхьакIэу къыкъосыкIых.
Тэтэжъ кIасэм игъусэгъу
Пщэ хъагъэхэр регъэлъэгъу:
— Яплъэлъ пщэмэ яфыжьыгъэ,
Ащ къахэщы дэхэныгъэ.
Ахэр благъэу къегъолъэхых,
Къушъхьэ шыгум
къытетIысхьэх.
Ащ лъыпытэу зыфэмIажэу
Ощхы шъабэм
къырегъажьэшъ,
ЧIым ынапэ зэлъетхьакIы,
Мэзи сади зэлъегъэпкIы.
— Сихьатэхъу, зэхэоха?
ПIоны хъумэ, джари дахэ!
...Ощх ужыпкъэм къызэкъоу,
Уц мэIэшIур къызэлъэу...
Алъэгъугъэр афимыкъоу
МакIох псыхъом ылъэныкъо.
Инэпкъыхэр — чъыг бырацэх,
Чъыгы пэпчъы псыхъо напцэх,
Зы такъикъи ар щымытэу
Псыхъор чъэрышъ,
мэбыжъуатэ,
Тыжьын ткIугъэр гум
къагъэкIэу
Жьым иткIопсмэ зыщагъэпкIы.
— Джари дахэ, кIэлэхъу,
сэIо, —
ГушIопсызэ, тэтэжъ къеIо.
КIэлэцIыкIухэр нэпкъым
тесхэу,
Зэбгъодэсхэу, тынчэу щысхэу
Мэтэ шIыкIэ зэрагъашIэ,
Яколхозы Iофы фашIэ.
Яорэдхэр къызэдаIо,
Хъупхъэх, чаных арагъаIо.
Iэдэбныгъэр апэ итышъ,
Нэжъы-Iужъмэ гъогу араты, —
Тибатырмэ акIырэплъых,
Ины хъуным ахэр паплъэх.



Ипхъорэлъфы фэгумкIэу
Тэтэжъ макIэу къыхеIукIы:
— УцIыфыныр — дэхэныгъэ,
Ар бэшIагъэу хабзэ хъугъэ.
...Тэтэжъ кIалэр къырещэкIы,
Ащ дэхабэ ынэгу кIэкIы,
Пчыхьэ хъугъэу къагъэзэжьы,
Чылэ гъунэм къынэсыжьых,
КъохьапIэмкIэ тэтэжъ маплъэ;
Ипхъорэлъфы ар епсалъэ:
Чэщ зэрэхъоу пшъхьэ къэIэти,
Уинэплъэгъуи огум ети,
Ахаплъ, кIэлэхъу, жъогъо
бынмэ,
Мэзэ гъуазэм иныбджэгъумэ.
ЫнитIукIэ къылъэгъугъи,
Итэтэжъы къыриIуагъи,
Пхъорэлъф цIыкIум ыгу
мыIасэу,
Гупшысэмэ ахелъасэ.
Аузэ чэщыр къышъхьарэхьэ,
Шъэожъыем джы зеплъыхьэ,
Жъогъобыныр Iунэ-Iунэу,
Ом щэлыды жъоку пIонэу.
УзыIэпищэу, уемыплъэкIэу
Дахэ огум иIэнлъачIэ.
Жъогъо быныр къэнэкIао,
Гум шIоигъор огум кIао.
...Дахэу щыIэр зэлъыпытэу
Шъэожъыем ыгу реубытэ...

## ШЪО АЩ ФЭДЭ ШЪУХЭТА?

ЗэлъашIэу тихьаблэ
Щэпсэу зы кIалэ,
ИIахэп щэIагъэ,
Бэрэ мэгъынагъэ.
...Хьэ зелъэгъум щтагъэ,
ЗэкIэм лъэпэуагъэ,
Гъымэ, гъымэ, гъызэ
Янэ дэжьы чъагъэ.
— Хэт о уигъэгъыгъа?
Хэт о къыоуагъа? —
Янэ гуIэм хэтэу
КIалэм упчIэ реты.
КIалэр хэщэтыкIы,
МакIэу къыхеIукIы;
— Сылъэпауи зэкIэм
Сытефагъ сэ пэкIэ...
— Ащ нахьрэ щэIагъэ
УимыIэныр сшIагъэп,
Урэу укъэрабгъэу
Сэ усищыкIагъэп...
...Гъолъыжьи чъыягъэу
Къэущыгъ гъынагъэу.
— Сыд къыохъулIагъа?
Хэт къыоцэкъагъа?
— Аргъой пэдыдым
Мастэу идыдыпэ
КъысхиIугъэу сыгъэу
Джар пкIыхьэу слъэгъугъэ...
Е-о-ой, сиблагъэ,
Лы о ухъухэнэп,
Ар о уицыхагъэу
Узыхагъэхьанэп.
Джы тихьэблэ кIалэм
ЗэкIэри кIэнакIэ:
Щынапхэу къэрабгъэшъ
Гъырынэжъыр раIо.
Шъо ащ фэдэ шъухэта?
Шъухэтымэ, ар хэта?

## ЧЭЩ ЗЭРЭХЪОУ

ПкIэтэ-лъатэу тхьакIумкIыхьи,
Къандж чачалэу зыкIэ кIыхьи,
Чэщ зэрэхъоу мэгъолъыжьых,
Рэхьат дэдэу хэчъыежьых.

Мяу-мяоу чэтыу кIуашъи,
Кукумяоу чъыг шъхьарыси,
Пэго лыдэу псыхъом хэси—
Заушъэфы чэщы къэси.

Дэжъыяцэр зэгозгъэзэу
Цызэ цIыкIоу шъхьэгъэунази
Тхьаркъо Iаси, хьарзи, къази
Чэщ мэзахэм хэпэзэжьых.

Шъэожъыеу зихэхъогъуи,
Пшъэшъэжъыеу анахь дэгъуи
Чэщ зэрэхъоу чъыежьыгъэх.

Ори, сицIыкIу, къысэдэIуи,
Сиорэды къыкIэдэIуи,
Анахь инэу, анахь дахэу
О ухъунэу чъыежь шIэхэу.



## ЫМЫЛЭЖЬЫГЪЭМ ФЭМЫЯГЪЭУ ЗЫ КIЭЛЭШIУ КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

(Адыгэ пшысэм техыгъ)

Бэ дунаем хъугъэ-шIагъэу
АгъэшIагъоу техъухьагъэр...
КъэсIотэщтыр зэ бэшIагъэу
Типпысэмэ ахэхьагъэр...

* * *

Илъэсишъэ ыныбжь хъугъэу
Дэсыгъ къуаджэм лIыжъ
губзыгъэ,
Емэзщыжьэу ыгу мыIасэу
Пхъорэлъф кIалэр ащ егъасэ:
— Ины ухъоу, ущэIэфэ,
Угу къытеоу ппсэ пэтыфэ
Унэмыс о умлэжьыгъэ,
УхэмыI о къэмгъэкIыгъэ:
О уимыем е къыпэкIы,
УимыIахьым гум хегъэкIы,
Щыфыгъэми къыщегъакIэ,
КъегъэIае уищыIакIэ...
...КъыосIуагъэр бгъэцэкIэнэу,
Ащ лъэбэкъукIи ублэмкIынэу
Къысэт, сикIал, о гущыIэ,
УиджэуапI сыдэгуIэ.
...Нэгум гушIор
къызэлъкIэпсэу
Пхъорэлъф кIалэр егупшысэ,
Итэтэжъы зыфегъазэшъ,
ИджэуапкIэ егъэразэ:
— КъысэпIуагъэр, тэтэжъ,
зэкIэ
Сыдэмыхэу зы лъэбэкъукIэ
ПшIошъы гъэхъу
згъэцэкIэнкIэ,
О унапи тесымыхынкIэ.
Уахътэр макIошъ къэмыуцоу,
Пхъорэлъф кIалэр ыпкъ еуцо,
ИмыкIыхэу ицIыф шапхъэ
Iэдэб хэлъэу зегъэхъупхъэ.
Къины Iаджи зэлъищыIэу
Пхъорэлъф кIалэм игущыIэ
ЛIыгъэ хэлъэу егъэцакIэшъ,
Щытхъу къыфехьы изекIуакIэ.
Аумэ-аузэ гъогу техьэ
ЗэрилъэкIэу зырегъахьы,
Губгъи мэзи апхырэкIы,
Къоджэ пчъагъи зэренэкIы.

Гъэмэфэгушъ чIыгур плъыры,
ЗэфэдакIэ жьыри стыры,
Щесрэп огум зы пщэ закъуи,
Тыгъэ-машIор къыоцакъэ.

ФэмылъэкIэу лIыр уцуагъэ.
Плъэмэ, псыхъо ащ елъэгъу,
Ыдэжь чъыгмэ зыщаубгъу.

Зигъэпсэфымэ ащ шIоигъоу,
Чъыгы жьаур ащ игугъэу,
ЩыкIу-цIыкIоу нэпкъым ехы,
Чъыгы жьаум къычIэпсыхэ.
Псыхъожь къабзэр бгъэр
зэIищэу
Емэзщыжьэу къызыIуещэ
ЗыкъеIэтышъ, псыхъом хэхьэ,
ЧъыIэтагъэр бгъэгум дэхьэ.
Псыхъо ныджэу шъабэм техьэ,
Пшэхъо плъырым
къыхэтIысхьэ:
ОкIэ-мыкIэ зыкъеплъыхьэ:
Инэплъэгъу бэхэр къехьэ —
Ныджы къуапэм
къытрихьагъэу,
МыIэрысэ ин тIыргъуагъэу

Плъэмэ щылъэу джы елъэгъу,
Хэт ущыщми пшхынкIэ дэгъу.
Зымышхагъэр хьазыр шIагъэшъ,
НитIоу иIэр тедыягъэу
МыIэрысэу нэгушъхьаплъым
ЫIупс фечъэу лъэшэу еплъы,
ФэмыхъужькIэ ымышIахэу
МэлэкIалIэшъ шIэхы-шIэхэу
МыIэрысэм къылъэIабэ,
Ецакъэмэ, шъабэшъ-шъабэ.
МыIэрысэр IэшIу-гохьышъ,
Нэрэ-Iэрэм Iум еткIухьэ...
— Сыда сшIагъэр? Бэу сшъхьэ нэкIы, —
Пхъорэлъф кIалэр мэгумэкIы, —
СилажьэкIэ емыкIу сшIагъэ:
СигущыIэ сыукъуагъэ...
Джы сыдэущтэу сыщыIэщта?
ЦIыфхэмэ сыд ясIощта?

* * *

Ежь имыем емыIэнэу,
Ымылэжьыгъэм нэмысынэу
Ятэжъ гупсэ риIогъагъэр
Ары непэ ыукъуагъэр.
Фэмышъыпкъэжьым игущыIэ
ПкIантIэ къехы, джы мэгуIэ,
Ятэжъ илъэIу ыгу къэкIыжьы,
ИкIэрыкIэу зэхехыжьы.
Сыхьатыпи ар щымысэу
МыIэрысэу зэрэмысэр,
КъыздикIыгъэр къыгъотынэу
ПсынкIэу ежьэ уж ыфынэу.
Псыр къыздичъырэм ылъэныкъо
Къэмыуцухэу, ащ ишъыпкъэу
ЗэрилъэкIэу зырегъэхы,
Нэпкъы-садмэ зафеплъыхьэ.
Ыгу мыкIодэу кIомэ-кIозэ,
МыIэрысэ плъыжьыр пизэу
Нэпкъы шъхьапэм чъыг щелъэгъу,
КъыгъэкIыгъ ар цIыфы дэгъу.
Чъыг къутамэр псыхъом хэплъэ,
Къыпызхэрэр нэгушъхьаплъэу
Псыхъом хафэшъ, чыжьэу ехьы,
Ныджы пстэуми атырехьэ.
Чъыгыр зыер зэрегъашIэ,
Ащ IокIэфэ ышIуабэ дашIэ.

Сад лэжьыным ар фэIазэу
КъычIэкIыгъ ар лIыжъ гоузэу.
— ОгумэкIы, сыд узфаер? —
Джы къэупчIэ садыр зыер.
— СфэмыхъукIэ емыкIу сшIагъэ,
Iуагъэу сшIыгъэр сыукъуагъэ.
— Сыды Iуагъа? СышI щыгъуазэ.
Шъыпкъэ къатIоу тэ тихабзэ.
— О уичъыгы къыпызыгъэу
МыIэрысэ сшхынэу хъугъэ.
— Ащ пай садыр къэсэгъэхъу.
Уихьалэлэу ар орэхъу.
— Ары шъхьаем сымлэжьыгъи,
СикъарыукIэ сымгъэкIыгъи
СикIэлэгъум щегъэжьагъэу
СахэмIэнэу сиIогъагъэ...
— Адэ сыд о уигукIая,
Сыд фэсшIэнкIэ, кIал, уфая?
— Iуагъэу сиIэр сыукъуагъэшъ,
Къысфэгъэгъу симысагъэ,
СшъхьэкIэ шъыпкъэу сыпщэгугъу,
Сэ сыкъежэ уигукIэгъу.
Садлэжь лIыжъыр IогушIукIы,



КъелъэIугъэм ыгу хэмыкIэу
Фай пэгъокIмэ цIыфыгъэкIэ,
Ыгъэразэу шIу фишIэнкIэ.
Садлэжь лIыжъым зыкъегъазэ,
Гур ещэфы ащ ижабзэ:
— О кIал, пшIоигъу сыбгъэразэ,
О слъэгъурэр угу къабзэ,
Къыптыралъхьэрэр о уихьылъэ,
НэшIукIэ чэфэу о сыоплъы:
Зы сыфай сэ, пшъэ ифэщтмэ,
Укъэмыщтэу бгъэцэкIэщтмэ...
— Ащ Iо хэлъа, сыкъэдаIо,
Узыфаер, тэтэжъ, къаIо!
Сэ сифагъ ушэтыпIэ,
ЗэбгъэшIэн сипшъыпкъапIэ.
— УсихьакIэу усэлъытэ,
УиIэу сшIопIы о гулъытэ.
Сиунэжъы къихъухьагъэу
СиI зы пшъашъэ идэкIогъоу.
Пфэхъу сшIоигъу ар псэогъу,
Нэуж зэкIи пфэсэгъэгъу,
ПшIагъэр емыкIу амыIонэу,
Сыфай шэсы сыпфэхъунэу.
Ау а пшъашъэм, пшIошъы гъэхъу,
Дагъоу иIэр пчъагъэ мэхъу.
ЗыкIэ нэшъу, зыкIэ Iащэ,
Дэгу-псыгу, бзакIо, лъащэ,
Теплъын улIэу укъэчIэкIыжьмэ,
ТигущыIэ уемыпцIыжьмэ.
— Сыд сшIэжьына, сыкъезэгъы,
(КIалэр щтагъэу гукIэ мэгъы).
— НекIо теплъым зыфэсIуагъэу
Шъхьагъусэгъоу оспэсыгъэм...
Уинасып, угу о еIумэ,
Уимыгъуагъ о, угу емыIумэ.

Пшъашъэр дахэшъ, нэр пIэпехы,
Ынэгу фыжьы нурэр кIехы,
Дэнэ шъхьацыр бгъапэм къэсы,
Хьарзэ пIонэу пагэу есы...
Ащ иплъакIэ гугъэфабэ,
ИIэбакIи сыдэу шъабэ,
Мэлым фэдэу мэIушъашъэ,
Ыуас пшъашъэр пеIэн дышъэ.
Нэм ылъэгъурэ ыгъэшIагъоу,
ГушIогъошхом зэлъиштагъэу,
КIалэу щытым фэмыщыIэу
Садлэжь лIыжъым дэгущыIэ:
—Сэ слъэгъурэр нэфэшъхьафы.
Ар сэ сшъхьэкIэ сэгъэунэфы,
Пшъашъэм фэдэр гъотыгъуае,
Идэхагъэ Iотэгъуае:
ИIэп зи ащ нэшъу Iофи,
Iэщэ Iофи, лъэщэ Iофи,
Зыдэщытыр къегъэнэфы,
Изы теплъэ гур къещэфы.
ЛIыжъы гущэр хэпчэуIукIы,
МэкIэ-макIэу къыхеIукIы.
— Мыр сэ «нэшъу» зыкIэсIуагъэр
ИмщыкIагъэр ылъэгъущтэп.
Мыр сэ «Iащэ» зыкIэсIуагъэр —
ЗэмIапхъэ лъыIэбэщтэп.
Иакъыл мыщ къызыкIуагъэм
Щегъэжьагъэу блэкIрэп сIуагъэм —
Джары «дэгу» зыкIэсIуагъэр,
Имылажьэ зыфтеслъхьагъэр,
Мыр сэ «лъащэ» сIуи осIуагъэ,
Игонахь сэ ащкIи сштагъэ.
Пшъэшъэ дэгъум чылэр пщэтхъу,
Пхъу дэгъу зиIэр гукIэ матхъэ.

Мы щыт пшъашъэм ятэр — сэры,
Махъулъэу сэркIэ хъупщтыр оры,
Уянэ лIэу о укъилъфыгъэшъ,
УиI къэрари шъыпкъэныгъи,
Ощ фэд пшъашъэр зыпэплъагъэр,
Ощ фэд гукIэ зыфэягъэр.
Сади мылъкуи къышъосэты,
Хъохъубжъэри шъуфэсэIэты:
— ШъузкIэхъопсырэр пгъуинасыпэу,
ШIушIэныгъэр шъуигъогупэу,
Псаунығъэр шъуигъусэгъоу
ШъущэI дахэу шъо, хъопсагъоу».
ПаIоу щыгъыр щымыфэжьэу
КIэлэ хьакIэм къырегъажьэ:
— Опсэу, отхъэжь, тят, отэIо,
Тыпсэущт о тыодэIоу,
ОтIощт дахэ ущэIэфэ,
УтиIэщт о жъышъхьэ мафэу.

* * *

ЯIуи яшIи зэтемыкIэу,
Янагъуи къыщымыкIэу
Псаоу, тхъэжьхэу щыIэх ахэр,
Джары пшысэм икIэухыр.

## КИМЭ ИДЖЭУАП

Ким раIоу кIэлэцIыкIу
Икъэбары шъукъедэIу:
Иныбджэгъумэ зарегъэкIу,
Ежь нахьыжъми ар ядэIу.

Ау зы дагъо Кимэ иI —
Игъом чэщрэ мыгъолъыжь:
— Iофы Iаджи джыри сиI, —
ЕIошъ, джэуап аретыжь.

Кимэ дэжьы янэ щыс
МэкIэ-макIэу фыхегъэпс:
— Учъыемэ нахь пхэхъощт,
ШIэхэу иныо ухъущт!

Кимэ ипIэ екIужьыгъ,
Хэчъыежьи гупсэфыгъ,
ПкIыхьы IэшIумэ къагъэгушIу,
Шъыпкъэу кIалэр насыпышIу!

Нэф къэшъыгъ шъхьай къэмытэдж,
Янэ къехьэшъ Кимэ едж:
— Икъугъэмэ къэтэджыжь,
УипIи шIэхэу зэIухыжь!

Кимэ макIэу къэхъыягъ,
Ныбэущэу къыхидзагъ:
— Сычъыемэ нахь схэхъощт
Пуагъэшъ, нан, сэ сычъыещт!



## БЗЫУМЭ ЯПУС

Бзыумэ аIорэм седэIу,
Япщынабзэ сыкIэдэIу,
ГъэшIэгъонэу ахэр щыIэх,
ЯIус ахэр рэгущыIэх.
Тхьаркъо Iасэр мэгурымы:
— СикIас гъажъо сэ сыдырмэ.
ПцIэшхъо бгъэфым джы къыхедзэ:
— Сызфаер бэдзэ-жъуадзэ.
Пчэндэхъу жэхъур кIэшъуикIы:
ПкIэшъэхъу пщэрым сегъэшхэкIы.
Пчъэм еуIузэ, Пхъэуlу къепчъы:
— Хьамлыу цIыкIумэ сIупс къафечъэ.
КъончIэ шIуцIэр зэ къэкIыи:
— Iусы паекIэ сэнэкIы.
Къандж къэшъуакIор джы мэчачэ:
— ХьампIырашъом сэ сылъэчъэ.
Бгъэжъ тэмашхом зегъэгусэ:
— Лыжъи лыкIи сэ сикIасэх.
Мэкъэ чанкIэ Кукуу маджэ:
— Бэдзэ нэшъумэ сагъэбзаджэ.
Бзыумэ аIорэм седэIу,
ЯщыIакIэ сыгу еIу.
Санитаркэу ахэр щыIэх,
Гъусэ дэгъухэр тэ тиIэх.

## БЭЧРЭ ЧЭХЪУРЭ

Зэлэгъуитlоу, зэныбджэгъухэу
Тэ кlохэми зэгъусэхэу
Мэфэ реным мыгупсэфхэу
Хэс тихьаблэ зэмызэщхэу.
Бэчрэ Чэхъурэ—ацlэр джары,
Анэ чанхэр лыдхэу къарэ,
Бэрэ тlури зэнэкъокъу,
ЗэраIорэр къэбар екъу.
ИшIошI псалъэу
къызэхелъхьэшъ,
Бэчы цIыкIур Чэхъу джэхахьэ:
— Армэ, сашIэ ощ нахьыбэ,
Ощ фэд исыр сэ сиджыбэ!
Чэхъу цIыкIум джы ыгу
мэплъы,
Плъыжьы хъугъэу Бэчы
фелъы:
— Ащ фэдизэу о уIушмэ,
Къятыжь джэуап сиупчIэмэ:
— Сыды пае Iэхэр ппыта?
Сыды пае лъэкъуитIу пкIэта?
Бэчы цIыкIум зэлъигъэжьэу
Джэуап Чэхъу джы ретыжьы:
— ЦIыфым Iэхэр зыкIыпытхэр
IэшIу-IушIухэр ыIыгъынхэр,
Шхэгъу хъумэ, джэмышх иныр
Пытэ-пытэу ыубытыныр.

ЛъэкъуитIу сиI сэ хэти фэдэу—
Сызщыфаем псынкIэ дэдэу
Джэгуи сыди сырынэсынэу,
Зэрэчылэу къэсчъыхьанэу...
Чэхъу цIыкIур нэщхы-гущхэу
Мо ти Бэчы джы дэхьащхы:
— Уиджэуапхэр тэрэзыджэх,
КъэпIуагъэхэр зэкIэ
пхэнджых...
ЦIыфым Iэхэр зыкIыпытыр,
Iэхъомбипшlэу зыкIыщытыр—
ЦIыкIуи ини агъэшIагъоу
Къыгъэнэныр иIэшIагъэ.
Къызщыхъугъэу ипсэупIэ,
ЗыщапIугъэу игупсапIэ
ЫшIын фае насып кIуапIэу,
КъыщымыкIэу ар хъопсапIэу.
Чэхъу ымакъэ нахь къеIэты:
— ЛъэкъуитIу цIыфым
зыкIыпытыр
Пытэ-пытэу чIым тетыныр,
Лъэуж дахэ къыгъэнэныр...

...Бэчрэ Чэхъурэ зэнэкъокъу,
ЗэраIорэр къэбар екъу,
Хэта язэу шъуэигъусэр?
КъашъуIуи, хэстхэщт ар сиусэ!



## ОРЭДЫIУ

Пшъэшъэжъыеу Бибэ
ЕшIэ орэдыбэ:
Ахэр дэхэ закIэх:
КъеIох мэкIэ-макIэу.

Щысыми мыпшъыжьэу,
Тэджыми зэкIужьэу,
Орэдхэр зэблидзэу
Пчъагъэ хъоу къыхедзэх.

Зэрэбынэу Бибэ
Щыс едэIоу бэрэ,
Фытеох Iэгушъо.
Iэ щафэ ышъхьашъо.

Бибэ ар шIомакIэу
Гъунэгъумэ хьакIэу
АфакIошъ орэдкIэ,
Егъэчэфых агукIэ.

Пшъэшъэжъыеу Бибэ
ЕшIэшъ орэдыбэ,
— Пшъэшъэ орэдыIор —
ЦIыкIуи ини раIо.

## ПШЪЭШЪЭ ХЪУПХЪЭ ТИ ХЪАНЫЕ

Щысрэп пкIэнчъэу ар зы
мафи:
Хьакъу-шыкъухэр зерегъафэ,
Сыхьатыпи ар мышъхьахэу
Унэр дахэу къызэIехы.

КъыраIомэ лъэтемытэу
Псы ешъощтым псы къырегы,
Сыдрэ IофкIи быным деIэ,
Iэнэ шIыгъом аIэпэIэ.

ЫшнахьыкIи егъэхъые,
Орэд фиIоу егъэчъые,
Iэгур янэ къыдепхъэкIы,
Инэнэжъи къыдекIокIы.

Зи рамыIоу ежь ыгу къэкIышъ
Къэгъагъэмэ псы акIекIэ,
Ипшъэшъэгъумэ ялыеу
Хъупхъэу аIо ти Хъаные!

## ПШЪЭШЪЭЖЪЫЕ ЧЪЫЯПХ

Пчэдыжь къэси бэрэ
Пшъэшъэжъыеу Зарэ
Щэ фабэм къыхэплъэу
ЗигъэшIожьэу щэлъы...
Зэрэбынэу гуIэу
— Зэ тэджыжьба! — раIо,
Ау икIасэшъ пIэгур
Зарэ зеудэгу:
ЫкIыб къегъэзэжьышъ
Чъыеным педзэжьы...
Хьэ цIыкIур къэхьакъу:
— Пчъыигъэр икъун.

Мяу-мяоу щыси
Ипгъыпкъэу щэгусэ:
О пшъашъэр, сыоплъышъ,
Бащэрэ ущэлъы!
Хьаблэр къыгъэдаIоу
Атэкъэжъыр къаIо:
— Икъун о пчъыигъэр,
Къуаджэр тэджыжьыгъэ.
Бзыуби къэшъуи:
— Чъыеным уегъэшъу.
Чъыяпхэу ощ фэдэ
Щытлъэгъугъэп тэди!

## ФАЙЗЭТ

IэшIу-IушIухэр зэфэшъхьафэу
Файзэты къыфащэфы.
Ахэр дахэу зэрегъэкIу.
ИIалъмэкъ ычIэ екIу.

IэшIу-IушIумэ ахэплъыхьэ,
Ыгу рихьырэр зыIуелъхьэ.
ИIалъмэкъы илъым щыщэ
Унэм исмэ афегощы.

Пшъэшъэ хъупхъэр шIу алъэгъу,
Пстэуми раIо: «ПшIэрэр дэгъу».
Файзэт цIыкIур гукIэгъу хэлъэу
Хъущт насыпышIоу, цIыф хьалэлэу.



## ИЛЯСЭ ИАЛЬБОМ

Шъэожъыеу ти Илясэ
Зэритыгъэр игупшысэ
Псэушъхьэмэ ясурэтхэр.
Пчъагъэу ахэр еугъоих
Иальбомы дэмыфэжьэу,
Зым адырэр нахь дэхэжьэу
Псэушъхьэмэ ясурэтхэр
ГъэшIэгъоны зэрэдэтхэр.

Шъыхьи мышъи псаум фэдэх,
Ани ашъуи зэпэлыды;
ТхьакIумкIыхьэр сакъэу
щысэу
Зыгорэхэм ягупшысэ.
Ыпэ кIыхьэ зэлъигъэщэу
Пилыр пстэуми къахэщы,
Бэджэжъыем ыкIэ кIыхьэ
Утысэхэу жьым зэрехьэ.

Тыдэ кIуагъэми Илясэ
Псэушъхьэмэ ясурэтхэр
Къыгъотынхэм ар яусэ,
ИIэ пстэум регъэгъусэ.
Шъэожъыеу ти Илясэ
Сурэт ешIы мафэ къэси,
Иальбомы ахэр делъхьэ,
Усэ цIыкIухэр афзэхелъхьэ.





## ПШЪЭШЪЭЖЪЫЕ БЛАН

Чъэмэ-чъэзэ
Зегъэлъатэшъ,
ПсынкIэ-псынкIэу
Псыхъом хапкIэ.
ГъэшIэгъонэу
Псычэт пIонэу
Ти Нафусэ
Псыхъом есы.
ПсынкIэ дэдэу,
Хьарзэм фэдэу
ЗычIегъаошъ
КъычIэужьы...
Зи щымыхъоу
Ыгъэустхъоу
Псым къыщесы,
Нэпкъым нэсы.
Къытрегъазэшъ
Зигъэпсэфэу
ЧIэгъырыси
ЗэкIэм ешIэ...
Ти Нафусэ
Нэпкъым Iусэ,
Зэрихьагъэр
ЛIыгъэу тIуагъэ:
КIэлэцIыкIоу
Псым хэфагъэр
Лъыхэсыхьэшъ
Къыхехыжьы.
— Пшъэшъэ чаныр
Пшъэшъэ бланэр, —
Джащтэу еджэ
Зэрэкъуаджэу.



## СШЫПХЪУ ЦIЫКIУ ИIЭНАТI

(Зы пшъэожъые иус)

Сшыпхъу нахьыкIэу Саидэ цIыкIу
IIэнатIэ лъэшэу къекIу:
Уни Iэгуи дэкIэракIэу
Уц къэгъагъэ бэу къегъэкIы.

АфэIазэшъ егъэбагъох,
Зылъэгъурэм егъэшIагъох,
Зигъо хъурэмэ ащыщи
Иныбджэгъумэ афегощы.

ИшIушIагъэ фэшI Саидэ
Ипшъэшъэгъумэ зэфэдэу
Дахэ фаIоу зэхэсэхы,
Ащ пай усэ сэ хэсэхы.

## СЯНЭ ЧЭМЫЩ

(Пшъэшъэжъыем къыIуатэрэр)

Колхоз фермэм ичэмыщэу
Сянэ кIасэ ащ Iоф щешIэ,
СызелъэIукIэ сызыдещэ,
— Къысаж!—еIо зымгъэзэщэу.
Сэ къысэкIурэп зэ зэщыгъо:
ГъэшIэгъоны чэм къэщыгъор—
Щэ фыжьыбзэр къэбзэ-лъабзэу
Щэлъэ инмэ арэбзабзэ.
Халат фыжьыхэр ащыгъэу
Щэзехьэхэр щызэблэкIы,
Ябидонхэр Iэрыфэгъоу
Машинэшхом щаунэкIы.
Сянэ къаплъэшъ, хэгушIукIы,
ИIофшIакIэ сэ сехъуапсэ,
СшъхьэкIэ инэу сэ сызыхъукIэ,
ЗэзгъэшIэщт сэ чэм къэщыкIэ.



## БЭЧЫ ИАПЧХЭР

Бэч аIоу тиI шъэожъые,
ЫгъашIоу иI пхъонтэжъые.
Дэлъыр бэ ащ зэфэпгъхьафэу,
Джэгуалъэу апчы къутафэу.
Апчымэ ахэлъ гъожьыбзи,
МэшIотэп фэдэу плъыжьыбзи,
О къаргъор гум къэзыгъэкIи,
Уцышъуи, пхъонтIэ зэикIи.
Зэрэдунае нэфыбзэу
Зылъэгъу шIоигъом
шхъонтIабзэу,

Бэчы фещэи апч бзыгъэ:
Дунаир шхъонтIабзэу хъугъэ.
Щыфэу шагъор зикIасэм
Ащ фэдэ апчи фегъэсы.
Плъыжьыр зикIасэ IукIэми,
Шэплъыр зыгу рихьрэ
къыкъокIми,
Бэч щIыкIур джэуапэу фэхъу,
Апчыхэр къафызэблехъу.

## ЧЕМПИОН АР ХЪЩТ



КIэлэцIыкIоу Болэт, —
Жьыртэджыр икIас,
Нэф зэрэшъэу лъэтет,
ХьылъэIэтэу зегъас.

Пуды псаор къеIэт,
Зи щымыхъоу зэрехь,
Чэрэгъузэ къыует,
ИджэгукIэ шIогохь.

Дзыо нькъор къепхъуат,
Ытэмашъхьэ тыредз,
Чъыгы такъэр екъут,
Фэкъулаеу къычIедз.

КIэлэцIыкIоу Болэт,
Спорты IофкIэ пэрыт,
Ылыпцэхэр боу пыт,
Чемпионы ар хъущт.



## СУСАН

Пшъэшъэжъыеу Сусанэ
Реу Iуданэр мэстанэм, —
Ар ыгъэсагъэшъ янэ
Ридэжьышъущт чыIунэ.

Фыжьи шIуцIи Iуданэу
Иlэр бэ ащ рыдэнэу,
Гъуми псыгъуи зэхэлъэу
Ипхъонтэжъые дегъэлъых.

Iудан псыгъор рищыгъэу,
Мэстэ цIыкIур ыIыгъэу
Зэрэунэу къекIухьэ,
Щыгъынхэр къызэпеплъыхьэ:

Зы чыIу закъуи ичыгъэу
Плъэгъуштэп ар тIысыгъэу.
ЧыIу цIыкIухэр редэжьы,
Ридэжь хъумэ, мэтхъэжьы.

Пшъэшъэ хъупхъэшъ Сусанэ
ЕшIы разэ ащ янэ,
Хэта шъухэтыр ащ фэдэу
ЧыIунэхэр къыридэу?

## СЫД ШЪО ШЪУIОНИ АЩ ШЪУЕДЖЭЩТА?

Зимытхьакlэу сышхэщт еIо,
ЫIэ шIоеу шхыным теIэ,
IэбжъымитIукIэ Iанэм тео,
КъыбгъодэсмэяIэшъхьао.
Унэ кIоцIым къыщэхьапкIэ,
ИчыIуни мыгъэупкIапкIэ,
ЫIэбжъани пымыупкIы,
Иджэгуалъи зэпекIыкIы.
Ащ фэдэу ущытхъущта?
Сыд шъо шъуIони ащ
шъуеджэщта?





## СУРЭТЫШI

Хьазрэт цIыкIур сурэтышI,
ЫшIыгъах ащ сурэтипшI.
Къолэбзыухэм ясурэт
УзIэпищэу тхьапэм тет.
Сурэтхэми къэмышIэн,
Псэ апытэу къыпшIошIын,
Iэсэ-Iасэу тхьаркъор щыс,
Хихыщт гъусэм егупшыс.
Хьэрзэ фыжьыр дэхэ дэд.
Мо джыдэдэм быбыщт фэд.
ПхъэуIу цIыкIум ыпэ лыд
Дыды папцIэу пытэу пыт.
Къандж-джэгулэр пкIэтэ-лъат.
Шъхьаукъалэр къегъэлъат.
Пчэндэхъу хъупхъэр мэкъэ
чан,
Зэпэлыдрэр ащ иджан.
ПцIэшхъо цIыкIур ямышIыкI.
Мы дунаир къыIошIыкI,
Бгъэшхъо-блашхъор
тэмэпщын,
Зы бзыу лъэпкъи щымыщын,
Кукуу цIыкIур шъхьэгъэсыс,
Макъэ ышъэу чъыгшъхьарыс.
ЗэпэшIэтрэр — дышъэ чэт,
Тыгъэ хьажъур ышъо тет,
Тыгъурыгъум зышIодэгъу,
Къаплъэ, ау зи ымылъэгъу.
...Хьазрэт цIыкIур сурэтышI,
ЫшIыгъах ащ сурэтипшI.



## ШЪОШЪА НЭНЭЖЪ ЗЫФЫСИIЭР?

Нэнэжъ зыфысиIэр,
Нэнэжъ зыфыщыIэр —
Пшысэ гъэшIэгъонхэр
Бэу къысфиIотэнхэр,
Орэд чэфы пчъагъэ
Гум рихьэу гушIуагъоу
КъасIоу сигъэшIэныр,
Ащ пай мышъхьахыныр.

Нэнэжъ зыфысиIэр,
Нэнэжъ зыфыщыIэр —
Сыбзэнэу, сыдэнэу
СпэхьэкIэ сигъэсэныр,
Iэнэ зэгъэфэни
Хьакъу-шыкъу тхьакIыни
Яшъэф сигъэшIэныр —
ШIу сигъэлъэгъуныр.

Нэнэжъ зыфысиIэр,
Нэнэжъ зыфыщыIэр —
Лъэсэны-гыкIэныр
СIэ къыригъэхьаныр,
Утым итедзакIи,
Унэ зэIэхыкIи
Дэгъоу ежь зэришIэу
СигъэшIэнхэм фэшIы.

Нэнэжъ зыфысиIэр,
Нэнэжъ зыфыщыIэр —
— Ухъупхъ! — къысиIоныр,
Разэу щызгъэIэныр,
Нэнэжъ зыфысиIэр,
Нэнэжъ зыфыщыIэр —
ЗгъэгушIозэпытэу
Ыгуи сэ къэсIэтэу
ГъашIэм сигъусэныр,
Гупсэу ар сиIэныр!





## НАСЫПЫГЪ

(Тэтэжъ иджэуапхэр)

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— ШIу плъэгъуныр,
уалъэгъуныр,
О уипщIуагъэ къэбгъэкIоныр!

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Мамырныгъэр бгъэпытэныр,
УиIахьышIу ащ
хэпшIыхьаныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Шъыпкъэныгъэр
уигъусэныр,
Уяни уяти бгъэрэзэныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Пэрытныгъэр о пIыгъыныр,
Щысэнэфы уафэхъуныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— УиIофшIэны уегугъуныр,
Лъэуж дахэ къэбгъэнэныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Бын-унагъор бгъэлъэпIэныр,
Уигъунэгъу уфэшIуныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— УипшIушIагъэ хэбгъэхъоныр,
Гъэсэныгъэм уепэсыныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Умыпагэу узекIоныр,
Щыфыныгъэр улэжьыныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— УщэIэфэ чъыг бгъэкIыныр,
ТичIыналъэ бгъэдахэныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Бзылъфыгъэ лъэпкъыр
плъытэныр,
Нэжъы-Iужъымэ
уяшIушIэныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Уихэгъэгу бгъэбаиныр,
О плъэкIыщтыр ащ
фэпшIэныр.

— Сыдым фэда насыпыгъэр?
Сыд лIэужыгъуа насыпыгъэр?
— Iофым Iутым удеIэныр,
IэпыIэгъу уфэхъуныр.



## ТЭТЭЖЪ ИПХЪУАНТ



Ситэтэжъы инэу, пытэу,
ИI зы пхъуантэ зэпэшIэтэу
(Ащ ынаIэ тет зэпыты,
IункIыбзэкIэ ар регъэты).
Тэтэжъ сакъэу атеIабэу
ДэIэкIагъэу дэлъ пкъыгъуабэ,
Шъуфаемэ ахэр шъушIэнэу
Къэслъытэных зы къэмынэу.
Тыжьын къам зэпэлыдэу,
Хэшъай бэщ пытэ дэдэу,
Чан шъхьаупс щахыжьыгъэу,
Пхъэхыжьый гъэчаныгъэу...
Уфаемэ нэгъунджалъи,
Цэф хъураеу псы епгъуалъи
Пхъонтэ баим къыдэкIыщтых,
Ахэр хэти къышъхьапэщтых...
О гъучIахъуи, дыды цIыкIуи,
ПщашIуи сыди зэрагъэткIуи,
Зэфэшъхьафэу пэкIэ-пакIэу
Дэлъ тэтэжъым ипхъонтачIэ.
ЗэкIэ пхъуантэм дэIэкIагъэу
Дэлъы пстэуми анахь шIагъоу
Сыхьат иныр сэ сэлъытэ,
Насып зиIэм ар егъоты.
Ар дышъэпсым егъэшъуагъэу
Сыхьат къопсыри пышIагъэу
Уахътэр дэгъоу къегъэлъагъо,
СиIагъэмэ ар гушIуагъо!
Ситэтэжъы ащ гу лъетэ,
Сыхьат уасэр къысфелъытэ,
ГушIопсызэ къысфегъэпсы,
Фэсакъыпэу сынегъэсы.
Иныр сыхъоу нахь зысIэтмэ,
Сегъэгугъэ къысиптпэнэу,
Ащ пай чэфым сызэрехьэ,
Тэтэжъ кIасэр сыгу рехьы.

## АРГЪОИР, КЪЭЦЫГЪУАНЭР, ХЬАМПIЫРАШЪОР

### А р г ъ о и р

Аргъоир пэдыд,
Ыпэ — мастэу мэлыд,
— Ны-нын!—нэмыкI къымыIу,
Ыпэ пстэуми ахеIу.
Аргъоир — мыгъуашъхь,
ЫцIэм фэдэр ащ ышъхь.

### К ъ э ц ы г ъ у а н э р

ИтеплъэкIэ оды дэд,
НыбэфалIэ лIэрэм фэд.
ЫцIэр шъосIон: къэцыгъуан,
Ини цIыкIуи къымыгъан.
Ыпэ цацэ машIор пиз,
КъыпхиIумэ, лыгъэуз.

### Х ь а м п I ы р а ш ъ о р

Ытамэхэр ыгъэушъуашъоу,
ХьампIырашъор ом къыщэшъо.



## АМКIЫШЪЭМРЭ ПЫЛЫМРЭ

(Пшысэм зэрэхэлъым тетэу тхыгъэ)

АмкIышъэкIэ цIыфхэр еджэу
ЩыI бзыужъые мэз къэгъаджэу,
АпIыгъакIэм фэдэкъабзэу
Ыпыгъ набгъор къэбзэ-лъабзэу.
Емэзщыжьэу хъупхъэ-хъупхъэу
Унэ набгъом ар еупхъу,
КIэнкIэу илъхэр къеухъумэ,
— Рахыщт! — еIо—арымырмэ.
...Бзыу набгъом фызэплъэкIэу
Псашъо кIозэ Пылыр блэкIы,
Бзыу цIыкIум ыгу хигъэкIэу
Шхъо ышIэнэу ащ ыгу къэкIы.
Ар псы ныбэу къэушъыжьзэ,
Пылым набгъом дэжь зегъазэ,
Ти АмкIышъэ къэкIэзэзы,
ЗэкIэм щтагъэшъ ыпсэ Iозы:
— Арэп, Пылыр, унэ набгъа?
Плъэгъурэба сибзыу набгъо?
— Боу сэлъэгъу! Сыгу егъапэшъ
КIэзгъэкIыщт ар хьэпэ-сапэ!
— Угу къэкIыгъэр — жъалмагъэ,
Къысфэмыхь, Пыл, тхьамыкIагъо!
КъинкIэ набгъор сэ згъэпсыгъэ,
Щыр къысщынэу мурад сшIыгъэ...
Уиныпху о, сыцIыкIужъый сэ,
СыолъэIу, зыкъэшIэжь зэ,
Ухэхьан о сигонахьы,
КъыпфэкIон о, Пыл, бэлахьыр!
— О цыIапIэр, пIорэр сыда?
Сэ шъэджашъэм мо джыдэдэм
УсщытIэнба бадзэм фэдэу,
СанэIу икIэлъ, уIуд-мыдэу...
...ПэкIыхьажъэу лъэбыцуаор
Набгъом цуахъоу къытеуцо,
ЗышIолъэшэу ар ещытIэ,
ТырекIэжьы псы ынатIэ.
Ыгу цIыкIуи зэгоутэу
ЗыIукIэрэм Iубыбатэу
Игукъао къыфеIуатэ:
Бзыу куп илъэпкъэгъоу
Чъыгым тесхэу ащ елъэгъу,
Ынэпсыхэр къышIукIэзэу,
Ыпкъ зазэу зафегъазэ.
Бзыу цIыкIухэм пкIэтэлъатэхэу
Ти АмкIышъэ упчIэ раты:
— Сыд уилажьа? Сыда хъугъэр?
— Сыды къина къыпфэкIуагъэр?
ИгухэкIы егъэплъызы,
Иджэуап гугъэузы:
— Пылэ бзаджэу лъэбыцуаор
Сибзыу набгъо къытеуцуи
КIэнкIэ куашэ ащ зэрисэу
ЫщытIагъэх зэо-зэпсэу...
...Щыры цIыкIухэр сэ къисщынэу,
Быны хъуцэ сэ сыхъунэу
СыкIэхъопсэу сыгугъэзэ,
Пылым ышIыгъ сыгу узэу.
— А-я-насып! А Iэежъым,
ГукIэгъунчъэу жъалымыжъым
Мыхъухэн о къыуишIагъэр,
Фэгъу хъунэп имысагъэ!
— Непэ шъыпкъэ щегъэжьагъэу

Сэ сипыеу Пылыр сIуагъэ,
Сыфай пыим зезгъэшIэжьэу,
Сыфай ыгу езгъэIэжьынэу.
Бзыу цIыкIоу, сэ сикъошхэр,
Дэхэ бынэу цIыры-щырхэр,
Шъуащыщ зыми «IыI»
ымыIоу,
СшIоигъу пстэуми
шъукъыздеIэ.
...Бзыу цIыкIухэр
къызэплъыжьы,
Ежь абзэгукIи еупчIыжьых:
— Тэ сыдэущтэу тыбдеIэщта?
О амалэу тыпфэхъущта?
Пылыр—лъэшы, Пылыр—ины,
IIоны хъумэ пелыуаны!
— ШъукъэрабгъэI ШъуIорэр
сыда?
Арэу шIэхэу шъугу мэкIода?
Гъусэ пытэ шъузэфэхъумэ,
Зэдежъугъаштэу шъузэхэтмэ,
Пылыр зэуи шъо
шъуппыхъунэп,
Ащ нахь лъэши
къышъутекIонэп!

* * *

КIэим дэси, губгъом иси,
Чъыг къутамэмэ атеси
Бзыоу щыIэр къызэфэсы,
Хасэ ашIи аухэсы:
— Тызэгъусэмэ тылъэшэу
Къарыушхо тхэлъэу
хъущтышъ,
ЖъалымашIэу Пыл мыгъасэм
Къыфитхыщт тимаисэ.
...Пылыр бзыумэ къабыбыхьэ,
Хъурэябзэу ар къадзыхьэ:
Апэ чанкIэ цыкъ рагъаIоу
Шъо Iужъужъыр зэлъауIэ,

Амгъэузрэ къамыгъанэу,
Ытхи ыпшъи зыхагъанэ...
Фимытыжьэу ашIыгъ ыбгы,
ЫнапIэхэр зэлъэбэгы,
Пщагъом фэдэу
къэтырехъошъ,
ЫнитIу Iаеу узэу мэхъу,
(Мо Пылышхор къэплъэ
нэшъу,
Ылъэгъурэп ышхи зашъуи),
Ыгужъ плъыгъэу Iэтхъо-
лъатхъоу
Ыпэ кIахькIэ сапэр етхъу,
ЗыдакIорэр ымылъэгъоу
Лъэбэкъу едзы ащ ерагъэу...
Бзыу цIыкIоу АмыкIыщгъэ
ФашIагъ бзыумэ япсэпишъэ,
Разэ хъугъэу мэIушъашъэ:
— ХьантIаркъоми саIукIэни,
Пыеу сиIэр ащ ясIони
Пылы бгъакъэм зишIэжьынэу,
Рязгъэхыщт лые инэу.
ХьантIаркъохэр зыдыхэсым
Ти АмкIыщгъэ псынкIэу нэсы,
Ытамэхэр къыдиIэтэу,
Игукъао ареIуатэ:
— О, ХьантIаркъоу уакъы-
уакъых,
СицахьшIэгъоу ныбджэгъу
шъыпкъэх,
Къысихыгъэшъ жъалымыгъэ,
Пылы иныр пыи сшIыгъэ.
— Мы къэпIуагъэр
сэмэркъэуа?
Шъыпкъэ хэлъмэ, ар гукъауа?
— Пылым лажьэ имыIэмэ,
ИгъэпсыкIэ тэрэзымэ,
СэмэркъэукIэ сынэсына,
Згъэмысэнэу сыфежьэнаI
— Сыда Пылым
къыуишIагъэр?





Сыда угу зыкIебгъагъэр?
Ыгу цIыкIу еIэжьыгъэу,
Ышъуи бзыум пычъыжьыгъэу
Ынэпсыхэр къышIукIэзэу
Уакъы-уакъмэ зафегъазэ:
— Пылы бзаджэу лъэбыцуаор
Сибзыу набгъо къытеуцуи,
КIэнкIэ куашэ ащ зэрисэу
ЫщытIагъэх зэо-запсэу...
Щыры цIыкIухэр сэ къисщынэу,
Быны хъущэ сэ сыхъунэу
СыкIэхъопсэу сыгугъэзэ
Пылым ышIыгъ сыгу узэу.
— Сыд пшIоигъуа, сыд пфэтшIэщта,
Таущтэу разэу тэ утшIыщта?
Пылыр лъэшы, Пылыр—иныр,
Шоны хъумэ пелыуаны,
Тэры пIомэ, ткIуачIэ макIэ,
Сыд тшIэшъуна уакъы-уакъкIэ.
— Шъукъэрабгъа? ШъуIорэр сыда?
Арэу шIэхэу шъугу мэкIода?
Пытэу гъусэ шъузэфэхъумэ,
Зэдежъугъаштэу пгъухъупхъэмэ,
Пылыр зэуи шъо шъущыхъунэп,
Ащ нахь лъэши къыпгъутекIонэп.
Ыпэ кIыхьэ ыгъэушъуашъоу
Ар къежьэщт шIэхэу псашъо,
ЫнапIэхэр Iаеу пщыгъэу
ЗыдакIорэр ымылъэгъоу,
Ар хьафизэм фэдэу хъугъэ,
Зэхэшъоха? Сышъущэгугъы!
Шъо сэягъэм ыгъунэкIэ
ЦIыкIу-цIыкIоу шъузэлъхапкIи
Къэжъугъэдаloу Пылы бгъакъэр
ЗэрэшъулъэкIэу шъузэлъкъакъэх.
Псым шъухэсых ащ шIошIыни,
Шъо шъумакъэ ар къекIуни
Сэегъэжъым зэрэхахьэу
Хэнэщт зэкIэм зиутыхьэу.

* * *

Ти АмкIышъэ зэриIуагъэу
Уакъы-уакъыхэр зекIуагъэ,
Пылы пагэр амалынчъэу
Хэлъ сэягъэм псынжъыр пычъэу,
Ти АмкIышъэ нэпцхы-гущхэу
Ипый пIхъуашIэ джы дэхьащхы:
— Джы сыдэущтэу узэплъыжьра,
Сыд бгъэхъэнэу угугъэжьра?
Къыпфихьыгъ ар уишхъошIагъэ,
Мыгъоу пфэхъугъ уижъалмагъэ.
...Пылым ыгукIэ зестыжьы,
ГущыIэжъыр ыгу къэкIыжьы:
«Умыуцумэ, къиуцукIы
Хэт ущыщми о уIокIэ».





## ХЬАСЭМЭ АМАКЪ

Гъэмафэрэ губгъор тхъагъо:
Ащ къеIукIы мэкъэ пчъагъэ,
А макъэхэр—хьэсэ макъэх,
Шопэн хъумэ орэд шъыпкъэх.
ЦIыкIуи ини къагъэдаIоу
ЯшIуагъэхэр къызэдаIо,
КъаIуагъэхэр зэкIэ стхыгъэ,
Зэхэслъхьажьи усэу хъугъэ.
Коцы хьасэр къэгущыIэ:
«Дышъэ шъыпкъэм сэ сыпеIэ,
Сигъомылэ цIыфхэр къежэшъ,
Хэгъэгу Iанэр къэсэушъэ».
Тыгъэгъазэм зыкъегъазэ,
Орэд пшIошIын ащ ижабзэ:
«Сэ сидагъэ цIыфхэр щэтхъу,
КъыкIэхьащтэп сыд фэдэ тхъуи!»
Чъыплъы тхьапэм зегъэсысы:
«Слъапсэ хизэу хэлъ шъоупсыр,
Сызылэжьрэм сегугъужьы,
Сишъоущыгъуи фыжьышъ-фыжьы!».
Ыцэ фыжьхэр зэIушъапгъэу
Пынджы хьасэм макъэ къешъы:
«ЦIыкIуи ини шIу сэлъэгъу,
Сэ салъытэ шхыны дэгъоу».
Натрыфым зыкъеIэты,
ШIуагъэу иIэр къытфелъытэ:
«Шхыныгъуиблыр сэ схашIыкIы,
Iуси сыди бэу къысхэкIы...»
Джэнч лъэпкъыкIэм ыпкъ мысысэу
МэкIэ-макIэу къыхегъэпсы:
«Шхыныгъуабэм сырягъусэшъ
СиIэн фае сэри уасэ!»
Мэкъу хъугъэр жьым дэуалъэ,
ШъукъедэIолъ ащ ипсалъэ:
— Щэм иIэшIуи лым идэгъуи
Сэры бэкIэ зэлъытыгъэр...
...Хьэсэ макъэхэр зэкIужьы,
Хьэсэ макъэм ямэкъэжьыр —
ЛэжьэкIуадзэу зэмыблэжьым
Имэкъэшloy джэрпэджэжьыр!





## СЯНЭ ЫШПАГЪЭР

Нанэ Iанэр къышIы пэтзэ,
ЫмышIахэу къыIэпызи,
Хьалыгъу бзыгъэр
зышIуефэхым,
Зыриуфэхи еIэбэхи,
Къыштэжьыгъ ар фэсакъыпэу.

А хьалыгъоу ефэхыгъэм,
Сянэ псынкIэу
къыштэжьыгъэм,
Ыл узыгъэу сенэгуе:
Арымырмэ сыдым пае
Сянэ гуIэу ебэугъа?

Сэ зыгорэ схэузыкIмэ,
ПсынкIэ дэдэу сянэ къэсышъ,
Узрэ чIыпIэр къысхегъэзышъ,
Iэ къыщифэзэ, къебэу...

## НЭШАНЭХЭР

Къещхыщтми, ошIупщтми,
Фыртынэ къышIыщтми
Бэ щыIэр нэшанэу,
А пстэур къэпшIэнэу.

Гъэмафэм къолэжъмэ
Къуагъ аIоу ратIупщмэ,
Къещхыщтышъ ар нафэ,
Шъыпкъэшъы жъугъэунэфы.

КъуанчIэхэр пчыхьэрэ
Зэгъусэу зыкIыйрэм,
Ащ къикIырэр ошIунэу,
МэфакIэр дэхэнэу.

Хьэблапгъхьэр къыгъаджэу
Къолэжъыр кIым джэмэ,
КъышIыщтышъ фыртынэ,
Гъэфабэ уиунэ.



## ШЪХЬАДЖ КЪЫПОРЭМ ТЕДЭIУН



Чэтыр мэкъакъэ:
— Къэсэхы къакъэ!
Чэмыр мэбыу:
— Къэсэты щабэ!
Къазэр мэкIыи:
— Сыфай уцыкIэ!
ХьэцIыкIу мэхьакъу:
— СэгъэIу макъэ!
Атакъэр маIо:
— Зэ шъукъэдаIох!
Шыри мэщыщы:
— Хьылъэ зесэщэ!
Чэтыу мэпцIэу:
— Лы сызыфаер!



## ГЪЭТХЭ НАШХЪОР

Гъэтхэ нашхъом
зигъэхъупхъэу
ЧIым къыхещы уцы къашхъор,
Бзыу бынхэр зэлъежъыу,
Псыхъо нашхъор къегъэжъыу.

Гъэтхэ нашхъор зэрэкъуаджэу
Зи къэмынэу къызэлъяджэ:
«ЖьыIоу пстэуми
шъукIэтаджэх,
Шъупсэу, шъулажь, дэгъоу
шъуеджэх!»

Къымыгъанэу зымэз къуапи
Гъэтхэ нашхъом зэльефапэ,
Сады минхэр кьегъэтIэмы,
Икъэгъагъэхэр — Iэрамы!

Мэзым бэмэ зырагъахы,
ЯгушIуагъоу ар къаплъыхьэ.
ЦIыкIуи ини зыIэпещэ,
АшIогохьэу ижь зыIуащэ.

3 Заказ 0307

## ТАРА АНАХЬ ДЭГЪУР?

Гъатхэр ара,
Гъэмафэра,
Бжыхьапэр ара,
КIымафэра
Анахь дэгъур,
Анахь тхъагъор?
Ар ашIэмэ ашIоигъоу,
Шъэожъыехэр зэкIыгъоу
Нэбгрэ пчъагъэ яупчIыгъэх,
Джэуапымэ ядэIугъэх:

— Анахь дэгъухэр гъэтхэ дахэр,
Зэмышъогъух икъэгъагъхэр,
Ижьи къабзэ, иощх шъабэ,
Тыгъэ напэр гохьэу фабэ.

— Зи гъэмафэм нахьы тхъагъо
Лъэхъан хъурэп, гъэнэфагъэу:
Чыгур фабэ, огур къаргъо,
Мэзыр шхъуантIэ, псыхъор чъагъо.

— Илъэс псаум щыщэу бжыхьэр
Ары пстэуми анахь гохьыр:
Ащ дунаир къегъэдышъэ,
Кони Iани зэлъеушъэ.

— Хьау, кIымафэм фэдэ щыIэп,
Идэхагъэ гъунэ иIэп:
Нэм фэмыплъэу, зэрэфапцэу
Осы фыжьыр къызыдещэ...

* * *

Джэуапхэр зэфэшъхьафышъ,
Хэты ахэр зэхифына?
Шъэожъыехэр зэгъусэу
АшIэщтымкIэ еусагъэх.
Шъхьацэу тетыр фыжьызакIэу
Анахьыжъым зыIуагъакIэ,
УпчIэу яIэр тырапхъанкIэ:
ЛIыжъ шъхьацыфыр IогушIукIы,
Иджэуапи кIэкIышъ кIэкIы:
— Шъхьадж икIасэу ежь шIодэгъур
Ары пстэуми анахь тхъагъор.



## КЪЭШЪУАКIО

КъэшъуакIомэ акIырыплъэ,
КIэлэцIыкIоу Чыназыры
Къэшъон Iофыр зэрегъашIэ,
Джы ар цIыкIуи ини ашIэ.

Къэгъэшъонэу къырапэсмэ,
ГушIом хэтэу пчэгум къехьэ,
Ылъакъохэр чIыгум нэсмэ
УмышIэнэу къэшъом хэхьэ.

Къамэм фэдэу лъэпэчIасэ
КъыпфешIэщт ар дэхэ дэдэу,
ТизэфакIо ащ икIасэшъ,
Къыпфэшъощт хэти фэдэу.

Къэчъыхь къэшъоми фэIазэу
Зэрэфаеу зыкъегъазэ,
ИслъамыемкIи атекIо,
Бэмэ аIо: «Ар къэшъуакIо.»

## ГЪЫКIЭНЫР ЗИКIАСЭР

Пшъэшъэжъыеу Сасэ
Io пымылъэу Iасэ.
Сыдигъуи гушIопсэу
МэгыкIэ, мэлъасэ.

Янэ гупсэ фэдэу,
Iэжьы-лъэжьы дэдэу
Иджани IэплъэкIи
Къабзэу зэлъегыкIы.

Ящыгъынхэр лъапIэу
Пчъагъэу иI нысхъапэ,
Ахэм ягугъупэу
АфегыкIы пшъхьапэу.

Инэнэжъы гупси,
Ежь инэнэ кIаси,
Ышыпхъу нахьыкIи
ЗэкIэ афегыкIы.

ИгыкIыгъэ къабзэшъ
Жьыбгъэм щегъэчъабзэ,
Зычъэпхъырэ ужым
Утыр тыредзэжьы.

Пшъэшъэжъыеу Сасэ
ШъуфэсшIыгъ нэIуасэ.
Ащ шъо тешъухи щысэ,
Фэдэу шъо зыжъугъасэх.

## АШЫНЭДЖ — ЖЬЫРТЭДЖ

Пчэдыжь къэси Ашынэдж
Пстэуми апэу къыкIэтадж,
Къэбзэ-лъабзэу зыкъетхьакI,
Зыщилъэрэр дэхэ закI...
— IэпкIэ-лъапкIэр
Ашынэдж, —
— Ашынэдж ар — лIы дэгъу
хъущт, —
Бэмэ аIоу зэхэпхыщт.
— КъэIолъ мыдэ, Ашынэдж,
О сыд пае ужьыртэдж? —
Нэбгрэ Iаджми упчIэ рат,
Иджэуап ащ къэтэIуат:
— Чъыепхэжъмэ сацымыщ,
Чъыепхэжъхэр сыды гущ:
Зыфаехэр къадэмыхъу,
Яныбджэгъумэ адэмыхъу:
Жьыртэджхэр — насыпышIу,
ЯIоф ахэм анахьышIу:
ЯшIушIагъи анахьыб,
Ящытхъу дахи зэлъэбыб.
— ШIорэр шъыпкъэ,
тэгъэшIагъу.
Хэт а пстэур къыуиIуагъ? —
Ашынэджы сеупчIыгъ,
Иджэуапи къытыжьыгъ:
— Ужьыртэджмэ федэ дэд,
Анахь чанмэ о уафэд, —
Ситэтэжъы къысиIуагъ,
ЗгъэцэкIэнэу джар сиIуагъ.

## НУРДЖАНЭ ИДЖАН

Пшъэшъэжъыеу Нурджанэ
Фащэфыгъэшъ зы джанэ —
Нэхэр ащ теуткIуапкIэ,
Арэу дахэу кIэракIэ.

Егъэшъуагъэу дышъэпсым
Сурэт пчъагъэ къытепсы,
Жъуагъэуи мази зэгъусэу
Джэнэ гупэм щэсысы.

Къэгъагъэхэр плъыжьыбзэу
Къыщэлыдых зырызэу,
ЗаIэтыгъэу ыкIыбы
Бзыу бынхэр щэбыбы...

Пшъэшъэжъыеу Нурджанэ
Фащэфыгъэшъ зы джанэ,
Идэхагъэ хегъахъо,
Зылъэгъурэр фэхъохъу.



## ДЭХЭНАГЪО ХЭЛЪ ШЭН ШIАГЪО

Къыздиштагъэу шэны шIагъо
Хэлъэу аIо Дэхэнагъо;
СыкIэупчIи зэзгъэшIагъэ,
ШъосIожьынэу сэ сиIуагъэ.
СыдигъокIи афэсакъэу
Еугъоих хьалыгъу шкъойхэр,
Iалъмэкъжъыем къыретакъошъ,
Ехьышъ бзыумэ афретэкъу.

Бзыу цIыкIухэр пкIэтэ-лъатэу
Дэхэнагъо къыпэгъокIых,
Блэгъэ мафэкIэ алъытэу
ЫбгъухэмкIэ къебыбэкIых.
Дэхэнагъо игъэшIуабзэ
Бзыу пстэуми афегъазэ:

— ЗыжъугъэшхэкIых, дэхэ цIыкIух,
Неущ джыри мыщ шъукъекIух.
Ибзыу благъэмэ апае
Дэхэнагъо шкъои тае
Iалъмэкъжъыем къырегъэкIу,
Пшъэшъэжъыем ишэн къекIу.

* * *

Хьалыгъу шкъойхэр шъо тэ
шъухьыра,
Ахэр, шъыпкъэ, сыдэу
шъушIыра,
Шъуащыщ горэм егъэфеда,
Дэхэнагъо шъо шъуфэда?

## САНЫЯТЭ ИХЪУПХЪАГЪ

Ппгъэпгъэжъыеу Саныятэ
ЩIыкIуи ини щытхъу фаIуатэ:
— Янэ фэдэу хъупхъэшъ-хъупхъэ...
Джыри цIыкIуми, иным фэдэу
Хэлъ шэнышIухэр дэгъу дэдэу:
УегъэгушIо игулъытэ,
Чанэу, Iупшэу ар алъытэ.
...Мафэ горэм ныр имысэу
КъафэкIуагъ ащ хьэкIэ гупсэ,
Саныят ащ къыпэгъокIы,
Ыгъэразэу къыдекIокIы.
ЯхьэкIэщы регъэблагъэ,
ФегъэкIуатэ пхъэнтIэкIу хъагъэ,
ХьакIэу шпъыгъэр егъэтIысы,
Псэу зэшъощтыр къыфегъэсы.
Лъэтемытэу шIэхы-шIэхэу
Iанэр хьакIэм фызэIуехы,
НэшIукIэ еплъы, тет ынаIэ,
Шхыны IэшIумэ ахегъаIэ.
Бэ темышIэу ныр къэсыжьы,
ХьакIэм зэкIэ къеIотэжьы:
— Хъупхъэшъ-хъупхъэ Саныятэ,
Уяхъопсэн ащ янэ-ятэ.



## ТЭТЭЖЪЫМ ТУТЫНЕШЪОНЫР ЗЭРЭХЕДГЪЭНАГЪЭР

Тэтэжъыр Iушъашъэу
Нэфмышъэу къэущыгъ,
Тутыным хэIабэ,
Ар лулэм реубэ.

Тэтэжъыр мыIыстэу
Емзэщэу зэлъпытэу,
Iугъошхо шъхьащытэу
Тутыныр егъэсты.

Ишъыпкъэу нэнэжъыр
ЕщIацIэ тэтэжъы:
— Тутыныр Iурышхэу,
Сыоплъышъ, о ошхы,

МыкIуасэу уилулэ
УишIыгъ о узгъэлы —
Ухъугъ о одыбзэу,
Ухъугъ о кIыфыбзэу.

Тэтэжъыр зы мафэ
Слъэгъузэ зэхафэ,
Ерагъэу мэхьапщэ,
Тиврачи къыфащэ.

Тэтэжъым Iоплъыхьэ,
Тэтэжъыр къеплъыхьэ,
Нэужым мытIысэу
Тэтэжъым щэгусэ:

Ор-орэу утыныр
Зэохы о, лIыжъыр!
Угу хэлъмэ ущIэнэу
Уемышъожь тутыны.

Ифедэ тыпылъэу
Тэтэжъым тылъэплъэ:
Ау щытми загъорэ
Къегъэу Iугъуаер.

Сэмэркъэу зедгъэшIи,
Тэтэжъы ымышIэу
Лулэр зэригъусэу
ШIоттыгъугъ ичысэ.

Тэтэжъыр гоIагъэ,
Бэрэ бэрэ лъыхъуагъэ,
Езэщи гъумыгъугъэ,
ЫIуагъ ащ: «КIо, хъугъэ!»





## ХЭТЭРЫКIМЭ ЯОРЭД

Хэтэрыкlмэ яорэд
Зэхэпхынкlэ дэхэ дэд.
Къэбэскъашъхьэм зыкъегъаl,
Зэрэхатэу къегъэдаlу:
— Шхыныгъомэ сагурэlу,
Шхыныгъуадзэм санахь гоlу,
Сагъэшlоlуми санахь lэшlу,
Хэтэрыкlмэ санахьышlу.
Помидорым зыкъеlэт,
Шlуагъэу пылъыр къытфеlуат:
— Мэшlотэпэу сэ сыплъыжь,
Шхыны къэбзэу сызэплъыжь,
Сыхэмылъэу борщ амышl,
Сипсы lэшlуи зи памышl.
Бжьыныщъхьэми
зыкъегъэбжъ,
Ыбгъэ лъэшэу къырегъэпш:
— Шхыныгъуабэм сэ
сахалъхь,

Iэшlугъакlэ ахэсэлъхь,
Бэгъашlэмэ сырякlас,
Яуз lаджи сэгъэкlуас.
Макъэ къешъы нэшэбэгум:
— Iэнэ пстэуми сыряпчэгу!
Цlыкlуи ини сыряшхын,
Сагъэшlоlуми сыдэшхын!
Бжьыныф цlыкlум джы
къыхедз:
— Сагъэлъапlэ, сыкъырадзэ,
Мэу къыспихрэр анахь пыт,
Псаунымгъэр сэгъэпыт!



## КЪАМЗЭГУ ЦIЫКIУМЭ ЯОРЭД

Къамзэгу пэпчъы гупсэфыпlэу,
Чэщи мафи итlысыпlэу
Щыl чlыунэ гъэшlэгъонэу,
Ишъхьангъупчъи ипчъи
минэу.

Гуlэм хэтхэу щызэблэчъых,
Щызэфэчъэх, щызэтечъых...
Зым lэпызрэр зым къештэжьы,
Зэфэсакъхэу зэлъэплъэжьых.
Цlыкlу шъхьаем зэдэlужьых,
Унэ ашlыми зэдеlэжьых,
Хьыны къахьми зэlэпыlэх,
Сыд ашlэщтми шlоу зэдеlэх.
Къамзэгу цlыкlухэр бэу
лэжьакlох,

Яшlогъабэ ащ къагъакlо:
Чlым ышъхьашъо
зычlагъэбыщъ,
Чlыгур ахэм агъэушъэбы.
Къамзэгу пэпчъы ежь
фэдишъэу
Хьылъэ ехьы ымыгъэпшъэу.
Гъэм щымысхэу, зэгонэсхэу
Кlым ашхыщтыр къынагъэсы,
Пый къыкъокlми зыдзэу
зашlышъ,
Ащ ебэнхэшъ, иlоф ашlэ.
Къамзэгу цlыкlумэ зы шэн
яlэшъ
Ари усэм къыщытэlо:
Кlымафэрэ хэчъыежьых,
Гъатхэр къэсмэ, къэущыжьых.



## ХЭТА ХЭМЫУКЪОУ ЗЫЛЪЫТЭЩТЫР?

Мафэ горэм тэтэжъ къаджи,
СигъэшIагъэ Iофы Iаджи,
Ащ нэужым сигъэтIыси,
СигъэшIагъэ кIэу зы пшыси.
ТIэкIу тешIагъэу сегупшыси,
Естыгъ упчIэ тэтэжъ гупсэ:
— Армэ, тэтэжъ, зы къысаIолъ —
Тыгъэм иIэр нэбзый баIуа?
— Тыгъэм иIэ нэбзый пчъагъэр
ЩыIэн фаеп къэзыпIагъэр,
Ау сишIошIкIэ, енэгуягъо,
АфэдизкIэ ом ит жъуагъом.
— Ом ит жъуагъохэр тхьапшына?
Тэтэжъ, джэуап ащ къептына?
— Зы осIонышъ сыхэукъонэп —
Шъхьацэу птетым нахь мэкIэнэп.
Тхьапшы шъыпкъ шъуIуа
шъхьацэу стетыр?
Хэт тэрэзэу зылъытэщтыр?



## ТАРА АНАХЬ ФЫЖЬЫР?

Анахь фыжьэу щыIэм
Бэ рызэнэкъокъу.
Анахь фыжьэу щыIэм
АцIэ тхылъы екъу.

Фыжьы шъоущыгъур,
IэшIоу тишIулъэгъур.
Фыжьы щыгъоу къэтхырэр,
Шхыныр зыгъэгохьрэр.

Ежь нахь фыжь щымыIэу
Осы фыжьым еIо.
Бзыуцыфыр къелъы:
— Сыфыжь, — къеупсэлъы.

ЕтIэфым хеIукIы:
— Сыгу шъо хэшъогъэкIы,
Сэщ нахь фыжь шъо шъухэтэп,
Къэхъунэуи къэтэп.

КъеIо пшъэшъэ цIыкIум:
Сэщ нахь фыжь мы чIыгум
Джыри къытехъуагъэп,
Фыжьыр шъо шъулъэгъугъэп.

* * *

Анахь фыжьыр тшIэмэ
Тэ тыфаешъ пстэумэ,
Хэты къытиIона,
Хэты ар къыIона?

## ТАРА АНАХЬ ШIУЦIЭР?

Мафэ горэм Мосэ
КъеупчIыгъ Хьисэ:
— Пкъыгъо пстэоу щыIэм
Тара анахь шIуцIэр?
— ШIомыкI пстэури шIуцIэ,—
КъыриIуагъ ащ Хьисэ.
— Зигъо хъугъэ къыпцIэр, —
РиIожьыгъ ащ Мосэ.
— О къедэIу ащыгъум
Сиусэ гупшысэ, —
КъэпсынкIагъ ти Хьисэ, —
Щыуан пстэури шIуцIэ,
Тызытетри чIыпцIэ,
ШIуцIэ дэдэр мыстхъу,
ШэкIы шIуцIи мэхъу.
«СышIуцI», — еIо къуалэм, —
Къепчъы шIуцIэр кIалэм.

* * *

Чъыер Iужъугъэкiот,
Усэр лъыжъугъэкIуат.
Анахь шIуцIэу щыIэр
Хэта къэзыIощтыр?



## КIЭЛЭ ЧЪЫЯПХ

— Зэхэоха?
Зэхэмыха?!
— КIалэ, хъугъэ
Тэджыжьыгъо!
— Нэф зышъыгъэр
Хьазыр шIагъэ...
— Шэм къыхэкIи,
Унэгу тхьакIы.
Зи къэмынэу,
Зэрэбынэу
АшIоигъуаджэу
КIалэм еджэх...
ЩэIум хэтэу,
ЗыкъимIэтэу,
УкъимышIэу
Псалъэ къешIы:
— Арэп, сыдэу
Шъо жьы дэдэу
Шъукъысщыхьи...
Слъэгъурэр пкIыхьи..
Шъоум фэдэу
IэшIу дэдэу
Чъыер гохьышъ,
Сыдехьыхы...
Сауж шъуикI.
Сыгу шъущэкIы.
СэлIэ, сэлIэ
Чъые фалIэ,
Сыфэефэ,
Сезэщыфэ
СипIэ шъабэ
Сыхэжъугъэлъба.
...Ныр мэгуIэ,
Шъаом теIэ:
— Тэджы, нынэ,
Укъыщанэ...
Зиудэгугъэу,
Зиушъэфыгъэу
КIалэр ео
Чъые пырхъы.
Яти къэсышъ,
Шъаом нэсы:
— Чъыер ухи,
Тэджы шIэхэу!
Зэхимыхышъоу
НэпIэгъашъоу
КIалэм чъыем
«Зыхелъапшъо»..
Къафэмытэджэу
Зигъэджыджэу
Шэм хэлъ кIалэр —
Битэмалыр.
Аумэ-аузэ
Гугъэузэу,
Чъые узэу
КIалэр хъугъэ.
Шъо ащ фэдэу
Шъущымыт,
Чъые кIыхьэм
Зешъумыт.



## ЗЫЗГЪЭСЭЩТ СЯНЭ ФЭДЭУ



Сэ синанэ ичый матэ
Цы Iуданэу илъыр Iатэ.
Ахэр шхъуантIэх, гъожьых.
ШIуцIэх, огух, шэплъых,
фыжьых.
ЫIгъэджэгузэ имэстабэ,
Сянэ псынкIэу цым хэIабэ.
— Сыд уфая? — къысэупчIы,
— ПаIо, Iалъэ, — сэ
къэсэпчъы.
Сянэ шапхъэ сшъхьэ тырехы.
Сыгу рихьрэр ащ къыхехы,
Сызыфаем фэдэ къабзэу
СфешIы паIо сфэшIу къабзэу,
Ащ нэужым цы дэгъу ыджи,
Сянэ сфишIыгъ щыгъын Iаджи,
КIыцэ пытэу зы цыхъагъэ
Сянэ ышIыгъ джырэблагъэ,
ЗыкIэ пытэ, зыкIэ псынкIэ,
Фэдэ щыIэп ар пщыгъынкIэ:
ЦIыкIуи ини агу рехьы,
Жьым зэрептэу хьарзэу ехьы.
...Дэгъу дэдэу сыхъэу, сыдэу
Зызгъэсэщт сэ сянэ фэдэу.
Iэлъэ фаби зыфэсхъэщт,
IэпэIасэ сэ сыхъущт.

## ЗЭКIЭ ТЭЩ ПАЙ

ЗэкIэ анахьышIур
Пстэумэ анахь IэшIур —
ЗэкIэ тэщы пай,
ТишIугъоным пай.

ЧIыкIэ гъэбэжъулъи,
ЧIыгум дышъэу чIэлъи —
ЗэкIэ тэщы пай,
Къытшъхьэпэным пай.

Мэзи, псыхъо къаргъуи,
Губгъо алырэгъуи, —
ЗэкIэ тэщы пай,
Дгъэдэхэным пай.

Дахэу тиIэ чIыпIи,
Гохьэу гъэпсэфыпIи —
ЗэкIэ тэщы пай,
Тыпсауным пай.

Чъыгы гъэтIысхьагъи
Тилэжьыгъэ шIагъи —
ЗэкIэ тэщы пай,
ТишIугъоным пай.

Унэ зэтетыби,
Тэ тикъухьэ быби —
ЗэкIэ тэщы пай,
Тыбаиным пай.

Тибыракъы плъыжьи
Тимамыр пчэдыжьи —
ЗэкIэ тэщы пай,
Тылэжьэным пай.

Тихэгъэгоу тянэ
ТегъэгушIо ренэу —
Теджэ тэ тегугъоу,
Хэгъэгур дгъэгугъэу.



## СИНЭНЭЖЪ

АшӀэ дэгъоу тичылэмэ,
Фэдэ щыӀэп синэнэжъы:
Анахь ӀэшӀу ащ ицэламэ,
УемыпхэкӀэу къытфегъажъэ.
Бжьыны хьаси ащ тфелэжьы,
Тигъунэгъуми ар адеӀэ,
Шыхьаф ашӀми ахэлажьэ,
НысакӀэмэ аӀэпыӀэ.
КӀэлэцӀыкӀухэм тегъэтӀысыпгъ,
Пшысэ пчъагъэ къытфеӀуатэ,
Орэд Ӏоным тыфегъасэ,
Макъэр пстэуми тегъэӀэты.
Синэнэжъ сэ бэу цӀыфышӀу,
КӀэлэцӀыкӀухэр шӀу елъэгъу,
Ыгъэчэфхэу апэгушӀо,
ӀэшӀу-ӀушӀукӀи ар ягугъу.
— УиӀ, — къысаӀо, — нэнэжъ
хъупхъэ,
Щыгъыныбэ сфэшӀоу сфеды,
Уни Ӏэгуи ащэупхъо,
Хьакъу-шыкъухэр егъэлыды.
Сеплъышгъ, чаны игущыӀэ
СшӀоигъу бэрэ бэрэ щыӀэ.





## ГЪОГУ ОСТЫГЪЭР ПЛЪЫЖЬЫ ХЪУМЭ...

ТеӀэкӀагъэу урам пэпчъы
Машинабэ щызэблэчъы,
Зыр мэгуӀэшъ, адрэм течъы,
ИкӀэкӀыпӀэ зым зэпечы.

Лъэсы гъогум узэрэдэхэу,
Къыптехьащтых умышӀахэу.
Ащ пай, мардж хъун, шъо
шъуишъыпкъэу
ШъурыкӀу гъогум
шъузфэсакъэу.

ШъумыгуӀэу, шъурэхьатэу
ШъунаӀэхэр зэтежъугъэтых:
Машинэхэр зэуж итхэу
Шъо блэжъугъэкӀых чӀыпӀэ
шъуитхэу.

Шъуипсаунагъи шъо
шъушъхьэ паий
Хабзэу щыӀэр шъушӀэны фае:
Гъогу остыгъэм имэхьанэ
ШъотэӀуатэ
къышъушъхьапэнэу:

Гъогу остыгъэр плъыжьы
хъумэ,
Укъэуцуныр плъыжьым
къекӀы,
Гъогу остыгъэр шхъуантӀэ
хъумэ,
Хъущт уигъогу о хэбгъэкӀы.



## АЗИК

Яунагъо зэкIэ илъыр
Азик ешIэ зыдэщылъыр:
Тэтэжъ ибэщ къолъ пчъэ
къогъум,
Инэгъунджи телъ столыбгъум.

Мастэу иIэр нэнэ кIасэ
Шъхьатэжъыем бэу къыхэпсы.
Нэнэ гупсэм ибгъэхэIуи
Пхъонтэжъыем телъ ыкIыIу.

Зэрэбынэу тэ тиути
Щылъ зы чIыпIэ зэпэшIэтэу,
Тызыфаеу тэ тиуати
Илъ Iалъмэкъым фэмыIэтэу.
Цокъэ щыфи цокъэ лъэкIи,
Пкъыгъо пчъагъэ ащ нэмыкIи
ЫпIэ къеIуи ащ лъыпытэу
Азик къыхьыщт лъэтемытэу.

— Мыщ сыфай, — къызэраIоу,
Зыщэлъэтыпъ Азик гуIэу,
Сыдрэ пкъыгъуи ащ гушIопсэу
КъелъэIугъэм фынегъэсы.

Унэм зэкIэ пкъыгъоу илъыр
ШъошIа дэгъоу зыдэщылъыр?
Шъхьадж ичIыпIэ
жъугъэтIылъыжьи,
Шъузщыфаем жъугъотыжьын.



## ТЭТЭЖЪЫМ ИДЖЭУАП

— Тэтэжъ, адыгагъэр
Олэжьы бэшIагъэу,
О пшъхьэкIэ джыдэдэ
КъысаIу ар зыфэдэр.
— Адыгагъэр оIуи,
КъыосIон къедэIуи...
Жъыр уимыпыутэу,
Нэмыплъи емытэу,
Ар бгъэшIо зэпытмэ,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.
Бзылъфыгъэр бгъэлъапIэу,
ФэпшIымэ шъхьакIафэ,
Джары адыгагъэр,
Зыхэлъыр дэхагъэр.
О пшъхьэ уемыблэжьэу,
ЩIыфыгъэр улэжьэу,
УзышIомышIыжьмэ,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.
ХьакIэм укIэхъопсэу,
УешIушIэу бгъэгупсэу,
Чэфэу упэгъокIмэ,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.
Ощ нахьи нахыкIэм
Ыгу хэмыгъэкIэу,
Уфэзафэу щытмэ,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.
Пшъхьэ зэрэпшIоIофэу
Хэгъэгур пшIоIофмэ,
ОшIэмэ иIофи,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.

ЩIыфым икъиныгъом
УдеIэмэ игъом,
Алъытэшъ ар лIыгъэу,
Джары адыгагъэр,
Дэхагъ зыфаIуагъэр.
— Тэтэжъ, сыолъэIу,
Джыри зы къысаIу,
Адыгэгъэ шъыпкъэм
ИIэба гъунапкъэ?

— Адыгэгъэ дахэм
ИIэп гъуни-нэзи,
Ар о пIэпымызэу,
Уемызэщэу лэжьи
Лыдыщт уилъэужи.

Тэтэжъ къысиIуагъэм
Хъупхъэу сырэгъуазэ.
СэшIэ — адыгагъэм
ЩIыфыгъэр рэгъуазэ.

## ДЭХЭНАГЪУ

Пшъашъэжъыеу Дэхэнагъо
Щытхъу къыфехьы
ихъупхъагъэ:
Ежь-ежьырэу зефэпэжьы,
Ежь-ежьырэу пIэр епгтэжьы.
Къэбзэ-лъабзэу ежь зетхьакIы,
Лыдэу цуакъэхэр елъэкIы.
Дэхэ-дахэу ар мэпхъанкIэ,
Iанэм тIысэу зышхахэкIэ
Хьакъу-шыкъухэр ежь
Iуехыжьы,
Дэмышъхьахэу етхьакIыжьы.
Унэм щишIэрэр шIомакIэу
Янэ еплъышъ, ут тедзакIи,
БзакIи, дакIи зэрегъашIэ,
Ащ пай шIукIэ игугъу ашIы.





## БУБЭ ИТХЫЛЪХЭР

Бубэ зэфэшъхьафэу
Тхылъыхэр фащэфы,
Сыдигъуи ипгъыпкъэу
Ахэм афэсакъы.

Тхьапэ пэпчъ зырызэу
Уяплъыми псаубзэх,
АкIыпгъохэр къабзэх,
КIэпсым фэдэкъабзэх.

Фэяхэмэ тхылъым,
Сакъэу зэгуепIожьы,
ЧIыпIэу зыдэщылъым,
ПсынкIэу регъэкIужьы.

ЕшIэ ренэу Бубэ,
Тхылъыр къинкIэ ашIы.
Къежэ ащ кIэлабэ,
Гъэсагъэ зырашIы.

## БИБЭ ШЪО ШЪУЛЪЭГЪУГЪА?

— Бибэ пшъашъэ хъупхъэ! —
АIошъ бэрэ щэтхъух.
СыIукIи тыгъуасэ
ЗыфэсшIыгъ нэIуасэ.

Къыпщыхъоу кIэпсыбзэ
Щыгъыр зэкIэ къабзэ,
НэкIапэр гъэплIагъэ,
Шъхьацыр дахэу благъэ.

Лыягъэ ымыIоу
Шъабэу мэгущыIэ,
ЕшIэ ищытыпIи,
ЕшIэ ищысыпIи.

Шъхьахым зыримытэу
ЗарегъэIофытэ.

Бэрэ ар къэмытэу
Къэсыжьы быбатэу.

Нахьыжъ горэ щытмэ,
ИчIыпIэ ащ реты,
Бибэ зэрилъэкIэу
МэпхъанкIэ, мэгыкIэ.

IукIэмэ нахьыкIэм,
ГушIозэ пэгъокIы,
Ыгу химыгъэкIэу,
Дахэу къыдекIокIы.

— Бибэ пшъашъэ хъупхъэ! —
АIошъ, бэрэ щэтхъух.
Бибэ шъо шъулъэгъугъа,
Икъэбар шъоIугъа?
Тэ ти Бибэ фэдэ
ЩыIэн фае тыди.

## РОЗЭ ИШЭН

Iэжьы-лъэжьыщъ Розэ,
Янэ фэдэкъабзэу,
Янэ зэрихабзэу,
Унэр егъэкъабзэ.

ЗыкIи шIомыкъинэу,
Сапэ къатримынэу
Джэхашъор епхъэнкIы,
Столышъхьэр елъэкIы.

Щалъэу псы зэрыти,
Тасэу ащ бгъодэти
Ичэзыум Розэ
Дэгъоу еукъэбзы.

Хэты Iэпызыгъи,
Къогъупэм къуадзагъи
Фэсакъэу къештэжьы,
ЯчIыпIэ ехьыжьы.

Ышыпхъу нахьыкIи
ИшIуагъэ регъэкIы,
Игъом ефэпэжьы,
Игъом етIэкIыжьы.

Хъупхъэшъ тэ ти Розэ,
ЗэкIэ егъэразэ.

## ЩЫСЭ АТЕСЭХЫ

Сяни синэнэжъый,
Сэ сшыпхъу нахьыжъи,
Хэти агъэразэу
ПщэрыхьэкIо Iазэх.
Щыбжьый дагъэр есэу
IэшIубзэу стырыпси,
Гум рихьэу лы щыпси
ПсынкIэу къытфагъэсы.
ПфашIыщт псы хьалыжъуи,
Къаштэщт щэтэ Iужъуи,
Фыжьэу хьалыгъу фаби,
Тхъоплъэу щэлам шъаби.

Пшъхьапэу чэтылыбжьи,
ПIастэ лэтхъу фыжьи
Нэрэ-Iэрэ къагу
КъапIы уиIэнэгоу.
КIэнкIэ щылыбыри,
Лы хьалыжъо стыри
НэмыкI щхынығъуипшIи
ФашIэ иIэу къашIы.
Сяни синэнэжъи,
Сэ сшыпхъу нахьыжъи
Щысэ атесэхы,
Ялъагъо хэсэхы.



# Д Э Т Х Э Р


Тэтэжъы сегъасэ . . . . . 3
Сыд фэда дэхагъэр? . . . 4
Шъо ащ фэдэ шъухэта? . . 7
Чэщ зэрэхъоу . . . . . 8
Ымлэжьыгъэм фэмыягъэу зы кIэлэшIу къехъулIагъэр 9
Кимэ иджэуап . . . . . 12
Бзыгумэ яIус . . . . . 13
Бэчрэ Чэхъурэ . . . . . 14
ОрэдыIу . . . . . . . 15
Пшъэшъэ хъупхъэ ти Хъаные . . . . . . . . . 15
Пшъэшъэжъые чъыяпх . . 16
Файзэт . . . . . . . . 16
Илясэ иальбом . . . . . 17
Пшъэшъэжъые блан . . . 18
Сшыпхъу цIыкIу иIэнатI . 19
Сянэ чэмыщ . . . . . 19
Бэчы иапчхэр . . . . . 20
Чемпион ар хъущт . . . 20
Сусан . . . . . . . . 21
Сыд шъо шъуIони ащ шъуеджэщта? . . . . . 21
СурэтышI . . . . . . . 22
ШъошIа нэнэжъ зыфысиIэр 23
Насыпыгъ . . . . . . 24
Тэтэжъ ипхъуант . . . . 25
Аргъоир, къэцыгъуанэр, хьампIырашъор . . . . 26
АмкIышъэмрэ Пылымрэ . 27
Хьасэмэ амакъ . . . . . 31
Сянэ ышIагъэр . . . . . 32
Нэшанэхэр . . . . . . 32
Шъхьадж къыIорэм тедэIун . . . . . . . . 33
Гъэтхэ нашхъор . . . . 33
Тара анахь дэгъур? . . . 34
КъэшъуакIо . . . . . . 35
ГыкIэныр зикIасэр . . . 35
Ашынэдж — жьырытэдж 36
Нурджанэ иджан . . . . 36
Дэхэнагъо хэлъ шэн шIагъо 37
Саныятэ ихъупхъагъ . . 38
Тэтэжъым тутынешъоныр зэрэхедгъэнагъэр . . . . 39
ХэтэрыкIмэ яорэд . . . . 40
Къамзэгу цIыкIумэ яорэд 41
Хэта хэмыукъоу зылъытэщтыр? . . . . . . . 42
Тара анахь фыжьыр? . . 43
Тара анахь шIуцIэр? . . . 44
КIэлэ чъыяпх . . . . . 45
Зызгъэсэщт сянэ фэдэу . . 46
ЗэкIэ тэщ пай . . . . . 47
Синэнэжъ . . . . . . . 48
Гъогу остыгъэр плъыжьы хъумэ . . . . . . . . 49
Азик . . . . . . . . 50
Тэтэжъым иджэуап . . . 51
Дэхэнагъу . . . . . . 52
Бубэ итхылъхэр . . . . 53
Бибэ шъо шъулъэгъугъа? 53
Розэ ишэн . . . . . . 54
Щысэ атесэхы . . . . . 54

Для детей младшего школьного возраста

*Жанэ Киримизе Хаджимусович*

**ДРУЗЬЯ**

(На адыгейском языке)

ИБ № 148

Редактор К. И. Хут

Художник Л. А. Померанцева

Художественный редактор М. В. Евтушенко

Технический редактор З. К. Духу

Корректор С. К. Абрегова

Сдано в набор 20.12.82. Подписано в печать 14.03.83. МА 01293. Формат 70×90 1/16. Бум. типограф. № 2. Гарнитура школьная. Высокая печать. Усл. печ. л. 4,10. Уч.-изд. л. 3,98. Тираж 1500. Заказ 0307. Цена 20 коп.
Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства, Майкоп, ул. им. Гоголя, 8.
Адыгоблполиграфобъединение управления издательств, полиграфии и книжной торговли Краснодарского крайисполкома, Майкоп, ул. Пионерская, 268.

